ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъалъулъ гIемер хъван буго, жеги хъвадарулелги руго, амма гьесул хIакъикъияб гIумруги, гIельмуги, шигIруги, рукIа-рахъинги, хьвада-чIвадиги лъалел чагIи дагь руго.

Бищунго санагIат бахъараб жо щибилан гьикъидал, мунагьал чураяв, тIоцебесеб МахIмудил мажмугI I926 соналъ бакIарарав Шамхалил ГIабдулатIипица абун буго (Аллагь гурхIагийин гьесда), МахIмудги лъаларел, гьесул рекIел хIалги бичIчIуларел чIанда чагIи гьоркьоре лъугьун – битIухъе гьесда сверун гьабулеб ишги гъалмагъиралде сверизабун бугилан.

БитIараб буго, МахIмудил хIакъалъулъ ургъун рахъарал харбал гIемер руго, гьесул гьавураб сонцин мекъи хъван буго, гьесул I9 соналъ цIалараб гIельмуялъул я бицунеб я лъалеб гьечIо, гьесул шигIруялъе къимат кьун бажарун гьечIо, гьесул рагъда арал соназулги мукъсанаб гурони тарих кодобе щун гьечIо. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цолъиялъул бетIер МухIамад АхIмадовас абулеб буго, цоги кIудияб миллаталъул чи МахIмуд вукIарав ани, гьесие дунялалда киса кирего памятникал разе рукIанилан.

Жакъа дие бокьун буго ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъалъул гIаммаб куцалда дие кьолел цо-цо суалазе тарихалдаса росарал хIужабаздасан къокъал жавабал кьезе, гьесул эбел-инсул-гIагарлъиялъул, гIельму-цIалиялъул, гьесулги Муилги балаялъул, рагъда гIахьаллъиялъул ва гьев чIваялъул бицун,

Аргъваниса гIалимчи, тIоцебе МахIмудил мажмугI бакIарарав ГIабдуллатIип Шамхаловас абулеб буго гьев гьавураб сон гIага-шагарго I870 -абиле букIине кколилан. Дир пикруялдаги гьедин батизеги ккола, щайгурелъул рагъде 2 Дагъистаналъул полкалде хъвалаго МахIмудица жиндирго гьавураб сон гьитIин хъван буго, рагъде 40 сонaлдаса цIикIкIарал росулел рукIинчIелъул. Гьедин ккараб батила гьеб гъалатIги.

МахIмудил эменги Анасил МухIума цIаларав чи вукIун вуго, эбел ГIашурацаги магIаби –кучIдул гьарулел рукIун руго. ГIашура аскIоб бугеб Бекьилъа, Муил росулъа, йикIун йиго, гьениб МахIмудил гIагарлъиги букIун буго.

Анасил МухIумица вас МахIмуд лъикIа-лъикIал цIар рагIарал гIалимзабахъе, мадрасабазде кьун цIализавун вуго. Къуръан-хIадисал, Фигькъи, НахIю, Сарф, МантIикъ гIелмаби лъазарун руго. Гьесие будун-дибирлъи гьабизе ихтияр бугеб кагъатги щун буго. ЦIалулаго гьесул лъикIаб гьудуллъи ккун буго доб заманаялъул рагIул устарзабазулгун ва гIалимзабазулгун. Гьев цIалун вуго кинаниги I880 сонaлдаса I8I9 соналде щвезегIан.

Цо гьесул кечI цIалидал ГIашилтIаса КъурбангIалица (гьев Дагъистаналъул шаргIияб судалъул председатель вукIанин буго) абун бугила, 12 батIияб мацIалъул рагIаби хIалтIизарун ругин гьес гьеб кочIолъ. Гьединаб щвалда щвараб щигIру гIарабазул щагIирзабазулцин рукIинчIилан.

ЦIалун лъугIун хадув хIалтIун вуго ХъахIабросулъ дибирлъун, ячун йиго лъади РабигIат, амма лъимал рукIинчIого ратIалъун руго. Цинги ахIун вуго Бекьилъе дибирлъиги гьабизе лъималазда Къуръан –хIадисалги малъизе. Гьений лъан йиго Муиги, кIиялго цоцазе рокьулелги рукIун руго, амма Муи гьесие кьун гьечIо, батIиясе кьун йиго. МахIмудги цойги росулъеги ун рокъовеги вуссинчIого, эбел-эмен разилъичIониги гьенийго чIчIужу Жамилатги ячун будунлъун хIалтIун вуго. КIиго-лъабго соналда жаниб Муил рос чоца рехун хун вуго, гьейги кIиго васгун къороллъуда хутIун йиго. МахIмудица Жамилатида цIар тIамун буго ва Муи ячине нигат гьабун буго. ЛъагIалидасан МахIмудица Муи гьарун йиго, амма гьелъул гIагарлъиялъ лъимал кьеларин хIинкъабиги кьун, гьей росасе йиччан гьечIо. Цинги кIиялго цадахъ ГIашильтIе тIурун руго, гьенибги МахIмуд чIвалин мун гьесие ани-ян хIинкъабиги кьун Муи гьоболас, магьари лъезе дибир вачIиналде, балъго БекIилъе гIагарлъиялъухъе щвезаюн йиго. Муи, бицараб рагIиги хвезабун, ун ятидал абурал рагIаби руго гьал.

***…Меседил лъималъул кьерги тIад гьабун,***
***Пахьул букIун буго бицараб рагIи;***
***ГIарцул хъал тIад жемун, жаниб тIухьи лъун,***
***Йижун йикIун йиго ракIалъул гьудул…***

Дунялалдасаго ракI арав МахIмудица рагъде ине нигат гьабула.

I9I4 соналъул риидал МахIмуд жиндирго росуцоялгун ана Хунзахъе рагъде унезул сияхIалде живги хъваян. Гьесул гIелму-лъаялъухъги балагьун гьев тIамуна Дагъистаналъул 2 полкалъул къадилъун. МахIмудида гIараб мацги, магIарул мацIги гурониги лъалаан гIурус, лъaрагI, татар мацIалги. Къадиясул хъулухъ командирасдаса къараб букIинчIо. Къади вукIин лъазе гьесул бухари-тIагъуралда бухьун букIана чалма. Гьес хварал-чIварал бусурбаби, исламияб къагIидаялъ рукъулаан, мусру жемун, Къуръан цIалун, дугIа гьабун. Гьев живгоги командираз гьукъаниги, чанцIулго рагъул тIоцебесеб кьерда вагъун вуго, гьенив лъукъунги вуго. Рагъул бахIарчийилан гьесие Георгиясул хъанч бугеб медалги щун буго. Гьенир хъварал ругин абула гьесул бищун лъикIал асаралги «Марьям» ва «Макьу».

МахIмудил гьудулас КIикIуниса ГIамиргIалил ГIумарица бицунеб буго жидерго рагъул рукIа-рахъиналъулги ва МахIмудил букIараб къадру –къиматалъулги гьеб рагъда;

- «МахIмуд къади вукIин лъазе гьесул тIогърода бухьун букIана чалма. Щибасе кьолеб хвалченги туманкIги МахIмудица босичIо, ва рокъосаго букIараб ханжарги нахъе кьечIо, жив вугила къадаралде щварал чагIи ахираталде тIоритIулев чиян.

- Нагагь къваригIани букIине хвалченги туманкIги щай босуларебин дица гьикъидал гьев велъана:

- Диеха, ГIумар, баччулеб жо цIакъ бокьулареб, - гьел гIадамал чIвайги (капурзаби рукIаниги) дир напсалда данде кколеб жо гуро: кIиго хIаким-падишагь цоцалъ къацандунилан гьал мискинзаби цоцаца чIвазе тIами дида бичIчIулеб гIелму гуро. Бокьаниги бокьичIониги нилъеда гьабизе кIолеб жоги гьечIо.

…Гьеб букIана къадекакдаса хадуб заман. МахIмудица дида абуна дурго чагур цебе бахъеян. Дун хIинкъун вукIунаан гьесда рагIулеб бакIалда гьебги кIутIун кечI ахIизе. Бачана чагурги ахIана чанго рагIиги. Нижеда сверухъе ракIарана даргиялги, тумалги, лезгиялги, лъарагIалги ва цогидалги. Киназулго ватана цо-цо кочIохъан. РакIалдаго гьечIеб бакIалда гьеб къоялъ нижер лъугьана унго-унгояб концерт, цо-цоял кьурдизегицин кьурдана…

МахIмудица как ахIана, бакъанил как букIана гьеб мех. Гьеб къоялдаса нахъе ниж ругьунлъана эркенаб заман аваданлъиялда тIобитIизе. Кинабго байбихьулаан МахIмудидасан, лъугIизеги тезеги гьесул ишараялъухъ балагьун рукIунаан. Россиялъул гIорхъи бахун къватIирехун щведал, ракIалда буго, КIиго нухалъ церехун ана, цо нухалъ тIурун щиб, лъутун щиб нахъеги цIазе ккана. МахIмудги дунги рагьда гIахьаллъизе кколароан: нижер иш букIана хварал рукъи ва гьезда «тIалкъен» цIали. Дандтункарал, кверкубарал рагъал кколел рукIинчIо: я германцазе, яги нижее бокьулеб букIинчIо гьаниб гIаздалаб авлахъалда гIадада хвезе. КIиябго рахъалъул разведка букIана хIалтIулеб унго-унголъунги лъикI: тушбабазул къокъа кIодолъарабго ниж цIалаан нахъехун, нижер къокъа кIодолъараб мехалъ долги цIалаан тункIил гулла гIунтIулареб бакIалде. Байбихьуда ниж хIинкъун рукIана гIемерал чагIиги чIвалин гьел рукъизе захIматги букIинилан: холел-унел чагIиги камилищха гIемерав чиясда гьоркьоса, амма полкалъул къадиясеги гьесул кумекчиясеги хIалтIи дагьго букIана.

МахIмудица кучIдул гьарулеблъиги, гьес кечI ахIулеблъиги дида гьаниб лъана. Цадахъ вукIарав цIатIанихъасес бицун лъана гьесул Жамилат абун чIужу йикIараблъиги, хадуб цо бекьилъей хъамун гъалмагъир букIараблъиги.

МахIмудица жинцаго гьезул бицунароан, гьесда гьезул цIехезе дунгоги нечолаан – гьев дидаса къого соналъниги кIудияв вукIиндал. Дидасан гьесда лъана дагьа-макъаб бугониги чагур бачинеги гьеб рекъезабизеги. Доб мехалъ магIарулазул кочIохъабаз ахIулаан жергъада кIутIун, яги цо щиб бугониги гьаракь бахъулеб жоги цадахъ бухун МахIмудиеги чагуралдаса бухизе жо бокьулаан, кечIги гьес хIасраталда гIодове виччан ахIулаан, щибаб рагIи бичIчIулеб хIалалда.

***…Лугъат Карамил лъун, китбат Къайсил хъван,***
***Къалмиде чучула, чара хведал черх;***
***Хиял Аслил гьабун, Гьиндил цIар рехсон,***
***ЦIад гIадин чвахула чалухал берал…***

Эркенаб заманалда гьев гIемерав хъвадарулаан, гIолохъабаз гьарун гьезие рокъоре ритIизе кучIдулги кьолаан. Щибаб ригьалда какги ахIун гьес тIалаб гьабулаан киназго ригьда как базе, гьикъулаан киназдаго къварилъи-гIатIилъи, рокъосан бугеб хабар, хIажатаб кумек.

Досда кIолаан лъица бицарабги хабар, лъугьа-бахъин кочIоде сверизабун ахIизе – тIаде кепал махсарабиги журазарун, гIемерисеб мехалъ захIмат букIунаан гьесул махсароги унго-унгоябги батIа бахъизе.

Пача рехарав мехалъ МахIмудица абуна;

- Нухъа бахъаралъуб хъвекилан абулила магIарулаз – пача камун нилъ хутIиларин, сах-саламатго рокъоре щвеялдаса лъикIаб хIалтIи гьанже нилъее гьечIила…

Рокъоре щведал ДагъистаналдагIи батана добго базар, добго гъалмагъир, тIадчилъи гьабизе къваригIарал бечедалги, гьезие мутIигIлъизе бокьичIел мискинаб агьлуги.

Шураре щвараб мехалъ нижехъа ярагъ нахъе бакIаризе лъугьун рукIана командирзаби: цо-цоял гьебги кьечIого унел рукIана рокъо-рокъоре росабалъе. МахIмудил лъикIаб гьудуллъиги гьоболлъиги букIана МахIачилгун, гьесулгун рагIиги дандбан МахIмудицаги хIукму гьабуна рокъове ине – гьес ахIараб мехалъ Шуравеги вачIине. Цадахъ дунги вилъана: хвалченги туманкIги цадахъги босун, МахIмудил ярагъ – доб рокъосаго букIараб ханжар ва цо офицерасухъа бичун босараб «Буравник» таманча (гьелда германии таманчаянги абулаан) букIана. ГIарац букIана нижехъ саламатго, амма доб цебе букIараб къимат гьелъул букIинчIо. Рокъосезе сайигъат саламги босун ниж нухде рахъана нижерго чуязда. Бокьун букIана паргон-пайтоналда ине – чуял тезе бакI дандеккечIелъул гьелги рачине ккана. ГьаракIуниса гIодоре рачIун «гIурус» нухде щвараб бакIалда нижеца къо-мех лъикI гьабуна: цоцазе рагIиги кьуна гьоболлъухъ щвезе – МахIмуд ана эхеде – Унсоколосан инилан, дие гIагарда букIана КIикIуниве вачIине».

**МахIмудил хIакъикъияб сурат**

Дагъистаналъул адабияталъеги тарихалъеги къимат тIокIаб хIакъикъияб фотоаппараталъ бахъараб ХъахIабросулъа МахIмудил сурат батун нижехъе щвезабуна Унсоколо районалъул ЦIатIанихъа МахIмудил гьудул Сулиманил МухIамадил ясалъул вас Алхасица.

КIиго моцIалъ цебе дихъе кIалъан вачIана цевегосев гьудул, Унсоколо районалъул жамагIатчи, жинда адабиятги тарихги лъалев ва гьеб бокьулев, ЦIатIанихъа Чанил вас Бигиш. Гьес рохел-хинлъигун бицана

ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъикъияб сурат батун бугин жиндир гIагарав чиясдаян. Халгъабидал гьеб сурат бугоан некIсияб фотоаппаратальъ къвакIараб кагъаталда бахъараб, лъикI нахъе цIунун хутIараб, жеги гIельмуялъе пайда босизе, халгъабизе бегьулеб куцалъ.

Бигишица бицана сурат батанин жиндир мунагьал чураяв ЦIатIанихъа Набиев Халилил (Онкологиялъул больницаялъул цеве вукIарав кIудияв тохтур) васасда Алхасида Буйнакск шагьаралда кIудияв инсул, МахIмудил гьудуласул, ЦIатIанихъа Сулиманил МухIамадил архивалдаян. Алхасил эбел Рукъигат ккола Сулиманил МухIамадил яс.

Нижее гьеб букIана кIудияб рохел. Дица сурат босана компьютераде, лъуна интернеталда, (www.kahabroso.ru) гьаруна гIемерал копияби, щвезаруна ХъахIабросулъеги, хъвадарухъзабазул Союзалдеги, Дагъистаналъул ГIельмияб Централдеги, кьуна МахIмудил адабияб ирсалда тIад хIалтIулел шагIирзаби-хъвадарухъабазухъеги. Щвезабуна журналист, Союзалъул хIалтIухъан ПатахIов МухIамадихъеги, дицаго гIурус мацIалда интерненалда лъураб текстги хъван, магIарул мацIалда дуцаго рекъезабун хъван, киса-кин бачIарабали бахъеян гьарун. Нижер гьариги букIана, гIедегIичIого, кIудияб ахIи-хIур гьабичIого, цин халгъабун борцун-къотIун хадуб газета –журналазда бахъизе.



Дагъистаналъул гIелмияб централъул МацIалъулги, адабияталъулги ва искусствоялъулги институталда гIелмиял хIалтIухъабаз лъикI халгъабуна сураталъул. ЛъикI пикру гьабуна Сулиманил МухIамадилги МахIмудилги тарих-бухьеналъулги. Цере росана МахIмудил киналго суратал, данде ккуна МахIмудил инсул Анасил МухIамадилги МахIмудилги суратал.

**Академик ХIамзатил ХIажияс бицана жиндирги ЦIатIанихъа Сулиманил МухIамадилги букIараб дандчIваялъул:**

«МахIмудил нусго сон тIубаялъул юбилеялда Унсоколо районалъул тIоцевесев секретарь ЦIатIанихъа Гьиматил МухIамадица гьабуна нижер лъай-хъвай. Гьев вугоан жеги лъикIаб гIакълу - лъаялдаги вугев саламатав херавчи. Сулиманил МухIамадица бицана МахIмудгун цадахъ жал тIоцебесеб Дунялалъул рагъда гIахьаллъиялъул». Хадуб ХIажияс абуна гьаб сураталдаги Сулиманил МухIамад релъарав вугин. Гьесул цойги суратал ратании, цех-рех гьабизе ккелаанилан.

**ЦIатIанихъа Бигишица бицана сураталъул гьадинаб тарих:**

«Сулиманил МухIамадица бицун бугила сурат бахъулаго МахIмудидаги жиндаги аскIов вахъун чIун вукIрав чи (цIар ракIалда гьечIо) лъеберабилел соназ ккун вачун (репрессировать) гьавун анилан. Хадуб дунгоги МахIмудги тун сурат къотIаниги, жиндаги, хIукуматалъул хъулухъалда – органазда хIалтIулев чиясда, хIинкъараб заманги букIун, гьеб сурат гIадамазда бихьизабизе кIвечIо», - ян. Сулиманил МухIамадги I977 соналлъ къадар ккун нилъедаса ватIалъун вуго. ЖакъалъигIан къватIибе бахъичIого суратги хутIун буго.

Цойги нижеца данде ккуна сурат бахъараб фотоательеялъул тIад хъварал накъищазул расенал. Интернеталда нижеда ратана гьадинал макъалаби. Гьеб буго Санкт- Петербургалда I9I4-I9I7 соназда хIалтIулеб букIараб цIар рагIараб Фокс Талботил, Нисефор Ньепсил, Манде Дагерил медалал щвараб С.Л. Левицкиясул фотоателье. С.Л. Левицкий вукIун вуго Россиялъулги Франциялъулги къиралзабазул (императоразул) жидерго хасав фотограф. Петербургалъул киналго лъай бугел гIадамалги гьесухъе суратал рахъизе унел рукIун руго.




МахIмудилги Сулиманил МухIамадилги буго рагъулаб ретIа-къай, пагоназда ругел хъвай-хъвагIаял ратIа рахъизе лъалел руго. Гьеб буго кIиабилеб(***2Дг***) Дагъистаналъул полкалъул гIаламатал. Гьеб полкалда рукIарал дагъистаниязул архивал цIунун ратизеги бегьула.

Нижеца данде кквеялъе гьанир лъолел руго МахIмудилги инсул Анасил МухIумилги суратал. МахIмудил фондалъ, адабият бокьулезе баркалаги кьолаго, цех-рех гьабулеб буго гьаб сураталъулги МахIмудил хIакъалъулъ биценазулги. Лъида щиб

лъалеб батаниги гьарула нижехъе (dagistan@mail.ru) хъваян.

Данде кквезе лъуна МахIмудилги инсул Анасил МухIумилги суратал

## Муил сурат



Гьаб сурат нижехъе Муил бугилан кьуна, жиндир мунагьал чураяв, Бекьилъа врач ХIайдаров ХIажица. Гьес бицанихъе сурат букIун буго бахчун Муил гIагарай гIадан, ХIижясулгиункъгIал, Гаджиева ПатIиматица. Гьелъ бицун буго Щураса суратал рахъулев чи вачIун вукIанин Бекьилъеян ва гьес къалмица бахъун цо сурат Муил жидееги танилан. ЦIех-рех гьабидал гьеб заманалъ Мавраевасул типографиялда хIалтIулев вукIарав цIар ргIарав Халилбег Мусаясулас бахъараб сурат батизеги бегьула гьеб. Мусаясулас гIемерал суратал рахъун руго МахIмудилги, нижехъе гьезул копияби кьезе рагIи кьун буго художникасул гIагарлъиялъ.

## МахIмуд чIваялъул хIакъикъат

*(Гьаб хабар жинцаго Магьдил МухIамадица бицанилан хъвалеб буго ГIазизов СагIидица, битIараб бугилан тастикъги гьабулеб буго Магьдил МухIамадил васас Магьдицаги)*

...КIиго хIамида ункъо къулагIиги лъун эбел-инсухъе щвезеян вачIунев дида росу ргIалда дандчIварав цо игьалисес бицана жакъа бакъаникак базе ХъахIабросулъа МахIмудги вачIун вукIанилан. Дир рохалие гIурхъи букIинчIо. Хъизаналда лъазабуна хьаг цIун гьанги тIамейин, лъикIаб квенги хIадур гьабейин, къаси нилъехъе гьобол вачIинев вугилан. Дунго вилълъана росулъе гьев валагьизе. МахIмуд ватана росдал дибирасул бакIалда. Мажгиталда маркIачIул какги бан, дунги МахIмудги дир бакIалде рилълъана. Гьенир рачIун ругоан ЧIикIаса дир гьалбалги, Хасбулатил Дациги, СултIанмухIамал… (цIар кIочон буго). (Талгиялда данде чIварав ЧIикIаса херав чияс бицана гьев цадахъ вукIарав вукIун вугила дов асирлъуде ккаралъуб немцаз кIиябго берги бахъун тарав ХIусенил кIудияв вац). Таяхъалда гьезулги букIун буго боцIи.

Гьалбадерилгун хъваш-баш гьабун хадуб, МахIмуд дир хаба-чIабаралъе вачIаян жиндаго асклове ахIун ана дир инсуца. Эбел-эменги, яцги гьесухъ гIенеккун рихьизе Хасбулатил Дацил рекIее гIолеб букIинчIо: гьерсал рицунев ватула гьеван ахIана чанго нухалъ. Кибго киназго къадру-къимат гьабун ругьунав МахIмудие гьеб къагIида бокьулареблъи лъалеб букIарав дица гьабулеб маслихIат Дацие къабуллъулеб букIинчIо: гьардухъанин, саяхъин къабихIал ргIаби Дацица абидал МахIмудил канлъи босана: - Дун щивали бихьизе къватIире рахъинегIан чIа, гьаб гьоболлъул рокъоб гъалмагъир гьабичIогоян - МахIмудица абуралъги гьесие асар гьабичIо. ВачIун инсуца хабарги бицун дагьалъ гIодор руссана. ЧIикIасез цадахъ бачIун бугоан кIиго шиша гIаракъиялъулги, гьоркьгоги гьел гьекъонги ругоан. Киназго гьекъолеб букIана, амма МахIмудица гьекъезе инкар гьабуна, рагьда лъукъаралдаса дие гьеб бегьулеб гьечIилан. ЧIикIасезе гьеб рекIее гIечIо, цо-цо ргIаби рехулел рукIана МахIмудил адресалда. Кванан лъугIараб мехалъ, Магьдилас абун буго МахIмудида дугIа гьабеян. Гьесги жаваб кьун буго жинца мехтарал чагIазе дугIа гьабуларилан. КечIниги ахIе, мун шагIирги рагIулин велъун вуго Даци. Гъалмагъар бокьичIев МахIмуд тIаде вахъун вуго, ва Магьдиласе баркалаги кьун ине лъугьун вуго – жинца дибирасе рагIи кьун букIанила вачIине, гъове инила – гьал гIолохъабазе дур рукъги къварид гьабичIогоян.

- Ав шагIир гуревги цIумахIавги вукIун вугилан – Дацица абигун МахIмуд гьесда цевегIан вачIана, ва жиндирго гIаврат чIанкIа гьабун, тахида гIодов чIарав Дацил магIарзул къалазда цебе басандизабуна: цIе махIищ бугеб дегIен махIищ бугебали сунтIизе кьолеб бугилан…

Цо лахIзаталъ рокъоб сас къотIи лъугьана. Дица МахIмуд рокъоса къватIиве вехъерхъана ва мунго унеб бакIалде аян валагьизавуна. Гьесда хадув вахъарав Дациги дица рокъове жаниве вачана. МахIмудида дандеги Дацида дандеги дун вукIана гIемерго къуват бугев чи. Дихъаго гьел бигьаго чIезарун бажариялъги вукIана дун вохун. Даци сасунев вукIинчIо: чIужугIаданалъецин гьабизе къабихIаб жоги жиндие гьабун, гьадав щивали-кивали дица тезе гьечIилан, гьес жиндирго чахъматаманча лъалиниса бахъана ва хъатикь ккун гьанкIезабуна. Дица гьеб гьесухъа бахъана, ва рагьухъе бугеб рукъалъул нуцIихъа къватIибе балагьизабун чвархъизабуна.

Гьеб букIана хIаранисан цIолеб тайпа, дие бокьун букIана гьеб чIобого гьабизе, цIидасан гьеб цIезеги мех къваригIунелъул. Танчил гьаркьихъе рортун рачIарал мадугьалзабаз ахIи бахъинабуна болъода цеве рехун чIварав чи вугилан. Канлъи гьабидал лъана гьев МахIмуд вукIин. Гъоркье херги бан, тIад паласги тIамун, тIокъода гъоркь бусенги гьабун вегизавуна нижецап гьев бидул хIориниса нахъеги вачун. КIиго къо бана МахIмудица лъукъаралдаса дир бакIалда.

Гула щун букIана ботIролъ, къватIибе бачIараб бакI букIинчIо, гьев кIалъалевги вукIинчIо. Дол ЧIикIаса гьалбалги доб сордоялъго ун ратана. Херал чагIаз маслихIат гьабуна гьев ХъахIабросулъе щвезавизе, маслихIаталъе чагIиги ритIизе цадахъ. ГIолохъабаз гьев молода лъун восана ХъахIабросдал гIорхъоде щвезегIан, гьенисан росулъе восун ана данде рачIарал ХъахIабросдал гIолохъабаз. ГIемерисезул хьул букIана ругьунги

сахлъилин МахIмудги вахъинилан, амма рокъове щун лъабабилеб къоялъ гьес абадиялъего берал къанщана. Гьесул инсуца, Анасил МухIамадица, абунин рагIана гьадин гIадада хвараб РухI Аллагьас цоги бижун батиларилан, гьев гIодунги гьечIо васасда хадув.

МахIмуд хвараблъи лъайдал, гьесда хадуб къулгьуялъе букIаян, инсуца босун кьарияб оц битIун букIана ХъахIабросулъе, амма Анасилас гьеб къабул гьабун гьечIоан. Инсуца сверухъе ругел росабалъа дибирзаби ва маслихIаталъе гьунар бугел чагIи ракIарана ва ХъахIабросулъе ана, кодоб-хъатикь жогун. Гьенире инегIан дун Къуръаналда кверги лъун гьедизе тIамуна гьеб дица ургъун гьабураб иш гурилан, хатIаялдалъун ккараб бугилан. ХъахIабросдал жамагIаталда цеве эменги гьедизе тIамун вуго, ва гьесги гьарун буго жидергун тушманлъи гьабугеян.

МаслихIатчагIазул хIукмуялда рекъон, нижеца дияталъе (бидухъ рецIел) кьуна I2 бетIер гIи-цIаназулги цо гIачIарги, лъабго сон бараб басиги, - доб къулгьуялъе битIун букIараб оцги инсуца Анасиласе хIалал гьабун тун бугоан.